**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI XALIQ TA’LIM WA’ZIRLIGI**

**A’JINIYAZ ATINDAG’I NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKA INSTITUTI**

**“PEDAGOGIKA” FAKULTETI**

**«MEKTEPKE SHEKEMGI TA’LIM» KAFEDRASI**

«Mektepke shekemgi ta’lim» ta’lim bag’dari 4 “g” kurs talabasi
Qıdırniyazova Dilfuzanın’

**«Pedagogika pa’nlerin oqıtıw metodikası» pa’ninen**

# KURS JUMISI

TEMA: Mektepke shekemgi ta`rbiya pedagogikasi pa`ni boyinsha ” A`dep-ikram ta`rbiyasi” temasin o`tkeriw metodikasi

Qabillag’an: _______________



**No’kis-2014 jil**

**Mazmunı**


| | |
|---|---|
| **I** | **Kirisiw** |
| **II** | **Tiykarg'ı bo'lim** |
| **II.1** | Balanın' a'dep-ikramlılıq ta'rbiyasında shan'araqtın' roli |
| **II.2** | Mektepke shekemgi jastag'ı balanı a'dep-ikramlılıqqa ta'rbiyalawda balalar ja'ma'a'tinin' a'hmiyeti. |
| **II.3** | Mektepke shekemgi jastag'ı balalar ja'ma'a'tinin' a'dep-ikramlılıq ta'rbiyasındag'ı a'h'miyeti |
| **II.4** | Oyın mektepke shekemgi jastag'ı balalarda a'dep-ikramlılıq ta'rbiyasının' quralı sıpatında. |
| | **Juwmaqlaw** |
| | **Payjalang'an a'debiyatlar** |

Kirisiw

Mektepke shekemgi ta’rbiya - bul u’zliksiz ta’limnin’ da’slepki basqıshı bolıp, onda mektepke shekemgi jastag’ı balalarda erkin pikirlewshi shaxstı qa’liplestiriwde, do’retiwshilik uqıplılıqlardı rawajlandırıwda, bilimnin’ da’slepki ko’nlikpelerın qa’liplestirip, olardın’ bilimge degen qızıg’ıwshılıqtı arttırıwdag’ı da’slepki tırnag’ı qoyıladı. Ha’zirgi waqıtta Kadrlar tayarlawdın’ milliy bag’darlamasının’ keyingi etapları a’meliyatqa engizilip, ol pedagog kadrlar aldına birqansha talap ha’m juwapkershilikti ju’kleydi. Ol mektepke shekemgi jastag’ı balalardı mektepke tayarlawda, ta’rbiyashı-pedagoglardan balalardın’ dıqqat itibarın bilim alıwg’a, olardın’ jeke qa’bilietlerın rawajlandırıwda, olardı xalqımızdın’ bay milliy qa’driyatların qa’dirlewde, milletimizdin’ tariyxın ha’m ma’deniyatın qa’sterlewde, olardın’ intellektual rawajlanıw da’rejesin ko’teriwde, fizikalıq ha’m psixikalıq jaqsı rawajlanıwın ta’miyinlewdi talap etedi.

Usıg’an baylanıslı baqshalarda xalqımızdın’ ullı shayırları Berdaq, Ajiniyaz ha’m tag’ıda basqa shayırlardın’ do’retiwshilik shıg’armalarına ha’m olardın’ o’mir bayanlarına arnalg’an kesheler balalardın’  qızıg’ıwshılıg’ın elede arttırdı.

Bunnan basqa da xalıq bayramları «G’a’rezsizlik ku’ni», «Konstitutsiya ku’ni», «Nawrız», «Eslew ku’ni», «Watan qorg’awshılar ku’ni» h.t.b. arnalg’an bayramlar balalardın’ o’mirge degen qızıg’ıwshılıqların elede arttırıp, o’zlerının’ qa’bilietlerın qosıqlar aytıw, taqmaqlar yadlaw ha’m ayaq-oyınların oynaw arqalı olardı jaqsı emotsionallıq keypiyatlarg’a bag’darlaydı. Bunday erteliklerdi tayarlaw barısında ta’rbiyashı ha’r bir balanın’ jeke qa’bilieti ha’m qızıg’ıwshılıg’ına qaray, o’zleri kelisim bergen rollerde balalardı oynatsa, elede olardın’ do’retiwshilik qa’bilietlerının’ rawajlanıwına jol ashqan bolar edik. Bulardın’ barlıg’ı ha’zirgi da’wir talapları, yag’nıy mektepke shekemgi jastag’ı balalarg’a ta’lim-ta’rbiya beriw protsesinde olardı xalqımızdın’ ja’miyetlik turmısına aktiv qatnasatug’ın  qa’bilietlerdi rawajlandırıp barıwımız kerek.

İzertlenip atırg’an jumısımızdın’ aktuallılıg’ı ullı oyshılarımızdın’ miynetlerın teren’nen analizlep, xalıq pedagogikasının’ jetiskenliklerın ja’ne de

pedagog ha’m psixolog ilimpazlarının’ miynetlerın, jeke shaxstın’ qa’liplesiw o’zgesheliklerın, balalardın’ jas o’zgesheliklerın ha’m olardın’ qa’bilietlerın rawajlandırıwda ha’r balag’a jeke qatanas jasap, olarg’a a’dep-ikram ta’rbiyasın rawajlandırıw ushın sharayatlar jaratıp beriw za’ru’r.

Ha’zirgi zaman mektepke shekemgi jastag’ı balaların ulıwma tematikalıq izertlew maydanında oyınlar ja’rdeminde a’dep-ikramlılıq ta’rbiyası mashqalalarının’ bo’lshekleniwin a’melge asırıw mektepke shekemgi jastag’ı balalar menen pedagogikalıq jumıstın’ jolların, quralların, mu’mkinshiliklerın ha’m spetsifikasın teren’nen oylap ko’riwge mu’mkinshilik jarattı. Usılardı esapqa alıp, ta’rbiyashının’ aldında turg’an wazıypalar: mektepke shekemgi jastag’ı balalardı ma’mleketimizdin’ ja’miyetli-siyasiy turmısı menen de tanıstırıp barıw, balanın’ du’nya qarasının’ ken’eyiwine, aqıl esinin’ o’siwine, ja’miyette bolıp atırg’an waqıyalardı tu’sinip jetiwine, olardın’ tilin jan’a so’zler menen bayıtıp, ja’ne de balalrda a’dep-ikramlılıq pazıyletlerdi: Watang’a su’yispenshilikti, xalqına ha’m o’z jaqınlarına jaqsı qatnasta bolıwdı, turmıstag’ı ha’r tu’rli iskerliklerge aktiv tu’rde qatnasıp, ja’miyetke payda keltiretug’ın insanlardı ta’rbiyalawdan ibarat.

**Kurs jumısının’ maqseti** ta’lim-ta’rbiya protsessinde mektepke shekemgi ta’lim jasındag’ı balalarg’a a’dep-ikram ta’rbiyasın beriw jolların u’yreniw.

**Kurs jumısının’ wazıypaları** ta’lim-ta’rbiyag’a baylanıslı pedagogika kitapların analiz analiz qılıw.

## II.1 Balalar baqshasında a’dep-ikram ta’rbiyasının’ maqset ha’m wazıypaları

A`dep-ikramlılıq ta`rbiya-shaxsti ha`r ta`repleme rawajlandiriwdin` za`ru`r quramalı bo`legi. Ol balalarg`a a`dep-ikramlılıq oylaw ha`m bilimlerın sin`diriw, olarda shaxstın` a`dep-ikramlılıq sezim ha`m sıpatların, jaqsı mu`na`sibetler ha’m xulıq ma`deniyatın ta`rbiyalawg`a qaratılg`an protsess.

A`dep-ikramlılıq ta`rbiya protsessinde bala a`dep-ikramlılıq ta`repinen kamalg`a jetedi. A`dep-ikramlılıq oylawlarının` rawajlanıwı protsessinde en` aldi menen olar o`zlerının` basqalar menen bolatugın mu`na`sibetlerın sanalı tusine baslaydı, ten`lesleri ha`m u`lkenler menen bolatug`ın mu`na`sibetlerde a`dep-ikramlılıq sabaqları rawajlana baradı.

Pedagogika pa`ni balanin` a`dep-ikramlılıq rawajlanıwında ta`rbiya ha`m ta`limdi za`ru`r dep esaplaydi. Pedagogika ha`m psixologiyag`a ta`n ju`da` ko`p izertlewler na`tiyjelerının` ko`rsetiwinshe, mektepke shekemgi ta`rbiya da`wiri balanin` ruwxiyliq qa`liplesiwinde en` za`ru`r basqishi). Usi da`wirde ma`lim maqsetke qaratilg`an ta`lim-ta`rbiya ta`sirınde shaxstin` a`dep-ikramlılıq qa`liplese baslaydı, 6-7 jasqa barg`anda, jaqsı minez normalarının` turaqlı forması ju`zege kelip, bala do`gerek-a`tirapdag`ılar menen bolatug`ın mu`na`sibette usı iyellep alg`an a`dep-ikramlılıq qag`ıyda ha`m normaları na`zerınen jumıs tutatug`ın bolip qaladı, sonın` ushın balalarg`a erte jasınan baslap a`dep-ikramlılıq ta`rbiya berip bariw za`ru`r a`hmiyet ka`sip etedi.

A`dep-ikramlılıq adamlardın’ minez-qulıq normaları ha`m qag`ıydaların, olardın` o`z-o`zine, basqa kisilerge, miynetke, ja`miyetke mu`na`sibeti sıyaqlı a`dep-ikramlılıq tu`siniklerın o`z ishine alıwshı sotsial sananın` ayrıqsha bir forması.

A`dep-ikramlılıq klasslıq o`zgeshelikke iye, a`dep-ikramlılıq sezim, tu`sinik ha`m prıntsipler ma`lim sotsial formatsıyag`a ta`n bolip, sotsial du`zim o`zgeriwi menen ol ha`m o`zgeredi. Bizin` ja`miyetimizdegi a`dep-ikramlılıq, en` jaqsı ulıwma insanıylıq minez normaların o`z ishine alg`an bolıwı kerek.

Insannın` jetiskenligi onın` ruwxiylıq  du`n`yası qandaylıg`ı menen belgilenedi. Jaqsı ta`rbiya kisinin` qimmatbaha baylig`ı.

O`zbek xalqının` ruwxıylıg`ı haqıyqat go`y ha`m a`dalatlı bolıw, jaqalat jolın tosıw, insanıylıq, mehir- shawqat, ruwxıylıq, doslıq, ma`rtlik, biradarlıq, miymandoslıq, pa`klik, insap, watanparwarlıq siyaqlı insanıylıq pa`ziyletlerın shig`aradı.

O`zbek xalqının` u`rp-a`detleri, turmıs ta`rizi, ta`lim-ta`rbiya, ma`deniyat da`stu`rleri maziynin`  uzaq-uzaq a`sirlerıne barip taqaladı. Ha`zirgi ha`m keleshek a`wladimiz kisileri o`zbek milliy ruwxiylig`in jaqsı  biliwleri ha`m og`an a`mel qılıwları tiyis. Sonda g`ana ja`miyet to`q, parawan,  kisiler tinish ha`m  ma`deniy turmıs keshiredi. Bul ba`rqulla hamme a`wlad ta`repinen ta`n aling`an.

A`yyem-a`yyemnen o`zbek, shıg`ıs klassikleri do`retiwshiligende a`dep-ikramlılıq ma`selesi oraylıq orındı iyellep kelgen.  Kaykovustin` «Qabusnama» sinan  ta`rtip, Al-Xorazmiy, Abu Nasr Farabiy, Abu Rayxan Beruniy, Abu Ali ibn Sinalardın`  shig`armalarında, Yusup Xas Hajibtin` «Qutadg`u bilik», («Baxit keltiriwshi bilim»), Axmad Yunakiydin`  «Hibatul  haqoyiq» («Haqiqat sawg`alari»), imam Ismoil al-Buxariydin` «Al-Adab Al-Mufrad» («Adab durdonalari») siyaqli du`n`yag`a belgili shig`armalarında Alisher Nawayinin` o`lmes  shig`armalarında, Munis Xorazmiydin` «Zavodi ta`lim»ida, Kamoliddin Husain Voiz Koshifiynin` «Axloqi Muxsimiy», «Ravzati shaxodat» («Shaxodat bog`i») siyaqli  shig`armalarında  a`dep-ikramlılıq, a`dep ma`seleleri jaratilg`an.

Koshifiydin` shig`armalarındag`i ta`lim-ta`rbiya, a`dep-ikramlılıq ma`seleleri ko`pshilik  ushın u`lgisi, a`dep normasi sipatinda qisqa, tiykarli qilip jazilg`an. Koshifiydin` pikirınshe, insan pa`ziyleti onin` iyellegen ta`lim-ta`rbiyasina baylanisli. Sonda g`ana ol a`depli esaplaniwi mu`mkin.

«A`dep-bul qa`lipti  jaman so`zlerden ha`m natuwri xulqinan saqlay aliw, o`zin ha`m o`zgelerdi ha`m hurmet qila  biliw», deydi alim. Onin` pikirıne jaqin pikirdi A.Naway do`retiwshiliginde ha`m ko`remiz.  «A`depli insan barliq adamlarının` jaqsı ha`m barliq adamlar ushın jag`imliraq»,- deydi ullı shayir.

Bul menen ol kisilerdin` insaniyliq belgisi a`depli, a`dep-ikramlı ekenligi menen o`lshenedi, dep aytadi ha`m barliq insanlardi jaqsı minezli bolıwina shaqiradi.

Abu Nasr Farobiy insan o`zinin` jaqsı minezi menen baxıt-saadatqa erisiwi mu`mkin, deydi.

Zamanamızdın` u`lken ag`artıwshilarınan bolg`an Abdulla Avloniy insan jetiskenligi onin` aqilinda, fizikaliq salamatlig`inda ha`mde a`depli minezinde, dep biledi.

Abdulla Avloniy til ha`m so`z a`debi haqqındag`i ulıwma insanıylıq pikirleri sonday ta`riypleydi: «….so`z insannin` da`reje ha`m kamalin, ilimin o`lshep ko`rsetetug`in ta`rezi. Aqil sah'iblari kisinin` dilindegi pikir ha`m niyetin, ilim ha`m quwatin, qa`dir ha`m qimmatin so`zlegen so`zinen bilur».

Mektepke shekemgi ta`rbiya jasindag`i balalardi a`dep-ikramlılıq ta`repinen ta`rbiyalaw waziypasi ham mazmuni balanin` ruwxiyliq du`n`yasin, onin` sanasin, a`dep-ikramlılıq sezimlerın, shaxsiy sipatlari ha`m minezin ta`rbiyalaw ha`m rawajlandiriwdi taqaza etedi. A`dep-ikramlılıq ta`rbiyanin` waziypalari tiykarınan to`mendegiler:

Balalarda a`dep-ikramlılıq sezimler, oylawlar ha`m qatti-ha`reketler ta`rbiyalaw

Minez ma`deniyati ha`m jaqsı mu`na`sibetlerın ta`rbiyalaw

Shaxsta a`dep-ikramlılıq sezimlerın ta`rbiyalaw

Minezindegi jaman sezimlerdi barham taptırıw

Bul uliwma waziypalar jas toparlari boyinsha konkretlestiriledi ha`m oqiw ta`rbiyaliq protsesstin` mazmuninda o`z sa`wlesin tawadi. A`dep-ikramlılıq ta`rbiyanin` waziypasi ha`m mazmuni baqshadag`i a`dep-ikramlılıq ta`rbiya beriwdin` tiykarg`i prıntsipleri ha`m pedagogikaliq sha`rt-sharayatlarına a`mel qılıw tiykarında orınlanadi. Mektepke shekemgi ta`rbiya jasindag`i balalar a`dep-ikramlılıq ta`rbiyasinin` waziypasi ha`mde mazmunina muwapiq onin` prıntsipleri islep shig`ilg`an. Olar to`mendegilerden ibarat:

1. A`dep-ikramlılıq ha`m ta`rbiyalıq jumıstın ma`lim maqsetke qaratılg`anlıg`ı;

2. Ta`lim-ta`rbiya jumisina bala shaxsin hurmet qılıwg`a jandasiw;

3. A`dep-ikramlılıq ta`rbiya jumisti turmıs ha`m zaman menen baylanisli alip bariw;

4. balalardin` aktivligi;

5. Ja`ma`atte ta`rbiyalaw;

6. ta`rbiyaliq jumistin` sistemalilig`i ha`m ketpe-ketligi;

7. ta`sirshenligi;

8. shan`araq, baqsha ha`mde u`lkenler ta`rbiyaliq ta`sirının` birligi;

9. baladag`i jaqsı sipatlarg`a suyeniw;

10. bala shaxsin ha`r ta`repleme rawajlintiriwdi ko`zde tutiw.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jasindag`i balalarg`a a`dep-ikramlılıq ta`rbiya beriwde ha`r qiyli metod ha`m usillardi qollaw za`ru`r a`hmiyetke iye.

A`dep-ikramlılıq ta`rbiya metodlari–balalardin` a`dep-ikramlılıq oylaw ha`m bilimlerın iyellep aliwg`a, olarda ma`deniy minez ha`m jaqsı mu`na`sibetlerın, shaxstin` a`dep-ikramlılıq sezimleri ha`m sipatların ta`rbiyalawg`a qaratilg`an xizmet esaplanadi. A`dep-ikramlılıq ta`rbiya metodları to`mendegi topralarg`a bo`linedi :

I-topar a`dep-ikramlılıq sanani, yag`niy a`dep-ikramlılıq oylaw ha`m bilimlerdi, olardi orınlaw qa`lewin qaliplestiriwge qaratilg`an metodlar.

II-topar ma`deniy minez-quliq ha`m jaqsı mu`na`sibetlerdi qa`liplestiriwge qaratilg`an metodlar .

III-topar a`dep-ikramlılıq sezimler ha`m mu`na`sibetlerdi xoshametlewg`e qaratilg`an ja`rdemshi metodlar.

Ha`mme topar metodlari a`dep-ikramlılıq sezimler ha`m shaxsiy sipatlardi ta`rbiyalawdi ta`miyinleydi.

Bul topar metodlarına qoyilatugin tiykarg`i talaplar: balalardi jaqsılıq ha`m jamanliq tuwrisindag`i oylawlardi itibarg`a aliw, a`dep-ikramlılıq minez-quliq normaların dodalaw ushın arnawlı jaratılg`an jag`dayda balalardın` o`zlerın aktiv qatnastiriw, har bir balanin` sezimine iqtiyatliq menen mu`na`sibette bolıw.

Balani  orınsiz kritikaliq, onin` u`stinen ku`liw,  og`an itibarsiziq qılıw qatan` ma`n etiledi. Ha`mme  metodlarda ma`lim ketpe-ketlik menen kompleks ra`wishte paydalaniladi. Bul metodlardin` tiykarg`i waziypasi to`mendegilerdi o`z ishine aladi:

-Balalarda jaqsı, a`dep-ikramlılıq sezimlerın qozg`ata aliw, shig`arma qaharmanlarına ha`mda`rtlik bildiriw,  tabisinan quwanip, tabissizlig`ina birgelesip ashiniw;

-balalarg`a tu`siniksiz bolg`an ayrım a`dep-ikramlılıq qagiydalarının` mazmunin aship beriw;

-a`dep-ikramlılıq temalardag`i gu`rrın`lerden shınıg`ıwlarda, seyillerde, balalardin` o`z turmısi menen baylanıslı bolg`an jaylarda ham paydalanıw lazım.

Sonday qilip, balalardin` a`dep-ikramlılıq oylaw ha`m tu`siniklerın iyellep aliw, oni ku`ndelik a`detke aylantiriwlari ushın balalardin` u`lkenler basshilig`indag`i qızg`in xizmeti  qurawı tiyis. Ta`rbi yashi bala shaxsında a`dep-ikramlılıq sezitmlerın ta`rbiyalaw ushın ha`mme qural ham metodlardi qollaydi, ol sonday qiling`aninda jaqsı minez u`lgilerın u`yretiwi mu`mkin.

**II.2 Kishi topar balalarına a’dep-ikram ta’rbiya beriwdin’ o’zgeshelikleri**

Mektepke shekemgi jastag’ı kishi topar balalarının’ (2-3 jas) usı jas da’wiri a’dep-ikramlılıq jaqtan rawajlanıwdın’ a’xmiyetli da’wiri bolıp esaplanadı. Sebebi usı jasta kishkeneler «jaqsı» ha’m «jaman» na’rseler haqqında da’slepki a’piwayı tu’sinikler, a’dep-ikramlılıq ko’nlikpeleri, do’geregindegi u’lkenler ha’m qatarlarına qarım-qatnas sezimleri qaliplese baslaydı. Balalardın’ turmısının’ u’sh h’a’m to’rt jaslarında toplag’an qa’liplesken ruwh’ıy keshirmeler, tu’sinik h’a’m ko’nlikpeler olardın’ a’dep-ikramlılıq jaqtan rawajlanıwına tiykar boladı.

Bala 3 jasqa kelgende, onın’ rawajlanıw da’wirınde jan’a basqıshqa o’tiw da’wiri baslanadı. Bul basqıshta bala ele kishkene bolıwına qaramastan o’zinin’ qatarları h’a’m u’lkenlerdin’ is-h’a’reketlerıne bah’a bergen h’alda, onın’ ushın jan’a imkaniyatlar jaratıladı. Bul jasta bala ele u’lkenler ko’p ta’replerden baylang’an boladı. Sebebi kishkeneler tazalıq h’a’m o’z-o’zine xızmet qılıw, g’a’rezsiz oynaw, erkin h’a’reketleniw h’a’m basqalar menen qarım-qatnasqa kirisiw ko’nlikpelerının’ joqlıg’ınan boladı. Sol sebepli bul jastag’ı balalardı turmısta, oyında h’a’m shınıg’ıwlarda erkin h’a’reketleniwin qa’liplestiriw u’lken a’h’miyetke iye. Bull vasele ta’rbiyashının’ aldına u’lken wazıypalardı qoyadı.

Kishi topar baların jeke h’a’m ja’ma’a’t bolıp h’a’reketlengende, ta’rbiyashı olarg’a jaqsı is-h’a’reketlerdi shınıqtıradı, olarda insanıy pazıyletlerdi qaliplestiredi, a’tirapındag’ılarg’a qulaq salıw, olardı h’u’rmet etiw istegin payda etedi. Ma’selen, u’lkenler kishkenelerge 3 jastan baslap sa’lemlesiwdi, raxmet aytıwdı, u’lkenlerden bir na’rseni iltimas etip sorawdı, basqalarg’a kesent bermewdi, o’zin taza uslawdı h’.t.b. u’yretip baradı. Bul wazıypalardı a’melge asrıw ushın ta’rbiyashı kishi topar balarına ta’n bolg’an eliklew qa’siyetlerınen paydalang’an h’alda, o’zleri u’lgi bolıwı usınıs etiledi.

Bala 4 jasqa kelgende, ta’rbiyashı olarda doslarına g’amxor, kishipeyil h’a’m saxıy bolıwg’a umtılıwın, egerde jaman is-h’a’reket islep qoysa, onnan

uyalıw kerekligin ta'rbiyalawın dawam ettiredi. Bull jastag'ı balalarda qatarları menen oynaw iqtıyajının' payda bolıwı, onın o'z-ara doslasıw qa'siyetlerının' payda bolıwına alıp keledi. Usı waqıtta ta'rbiyashı balalardın' bir-birıne h'urmetin, oyınshıqlardı qızg'anbawın, olar menen milayım so'ylesiw ko'nlikepelerın rawajlandırıp barıwı kerek.

3 jasqa tolg'an balalarda anıq pikirlew sıpatı xarakterli bolıp, olardın' so'ylew tili rawajlana baslaydı. Olar do'gerek-a'tiraptag'ı waqıyalardın' parqına barıp, waqıyanı awızeki bayanlay baslaydı. Bull da'wirde balalarda o'tirik so'ylewge bolmaytug'ınlıg'ı, h'aqıyqattı so'ylew kerekligi, bolg'an na'rselerdi ata-anasına yamasa ta'rbiyashıg'a aytıw kerekligi h'aqqında tu'sinikler qaliplese baslaydı.

Solay etip, bul da'wirde kishi topar balalarında, ja'miyetlik turmısqa qarım-qatnas h'a'm insanlar arasındag'ı qatnaslar h'aqqındag'ı tu'sinikler qaliplese baslag'an da'wirde, olarg'a a'dep-ikramlılıq ta'rbiyasın beriw u'lken a'h'miyetke iye boladı. Sonlıqtan jaqsı sezim, o'z-ara unamlı qarım-qatnas, a'piwayı a'dep-ikramlılıqtın' ku'ndelikli turmıs ta'rizindegi ko'rınisleri, oyın, shınıg'ıwlarda ta'rbiyalanadı h'a'm bul iskerliklerdin' qaliplesiwi menen baylanıslı boladı.

## II.3 Balanı a'dep-ikramlılıqqa ta'rbiyalawda shan'araqtın' roli

Balanın' tuwılg'an waqtınan baslap shan'araq balanın' o'mirın sotsiallıq qag'ıydalar boyınsha sho'lkemlestiriledi. Onı awqatlandıradı, uyqlatadı, belgilengen waqıtta rejimge u'yretip shomıldıradı. Balalardın' ku'timin bere otırıp, ata-analar o'z funktsiyaların ha'm qollanıw qag'ıydalarına iye predmetlerden paydalanadı: jo'rgeklew ushın-jo'rgek, awqatlandırıw ushın-soskalı shiyshe yaki qasıq, shomıldırıw ushın-vanna, su'lgi ha'm sabın. 4 jastan keyin uslap ko'riwdin' rawajlanıwı balanın' predmetlerge aktiv umtılıwı keskin o'siwine alıp keledi. Ol predmetler menen ha'r tu'rli ha'reketler isleydi. Usı jerde ata-analar tag'ı da bul ha'reketlerdi qag'ıydalarg'a muwapıq belgili bir jolg'a saladı, biraq balalar bug'an tek g'ana u'lkenler bir waqıtlarda g'ana bag'ınadı; qag'ıydalar boyınsha ha'reketlerdi orınlaw balanın' o'mirıne belgili bir sho'lkemleskenlikti beredi.

Esin'izge salamız, bala o'mirının' birınshi jılının' birınshi yarımında balada u'lkenler menen mu'na'siybetke qushtarlıq, olardın' dıqqatın o'zine awdarıwg'a umtılıw qa'liplesedi. U'lkenlerdin' jaqsı ko'riwi ha'm g'amxorlıg'ına juwap retinde balada o'zin jaqsı seziw, shadlıq, miyrimlilik, qızıg'ıwshılıq payda boladı. Usı o'zgeshelikler a'dep-ikramlılıqtın' rawajlanıwının' baslanıwı sıpatında ju'zege keledi.

Bala o'mirının' birınshi jılı dawamında u'lkenler ekspressiv-mimikalıq qurallardı: mimikanı, pantomimikanı, so'z intonatsiyasın qollanıp balag'a o'z mu'na'siybetin bildiredi. Balanın' ayırım ha'reketlerın u'lkenler xoshametleydi, ja'ne bir hareketlerın jaqtırmaydı, solay etip balag'a o'z talapların bildiredi. Bala ele bir talaplardın' ma'nisin tu'sinbeydi, biraq dawıs intonatsiyasın, emotsional qatnastı sezedi. Mısalı, bala jaqsı awqatlansa u'lkenler og'an maqullap bas iyzeydi, ku'ledi, sıypalaydı, og'an «jaqsı bala» dep erkeletip aytadı.

U'lkenlerdin' so'zge bag'darlawının' rawajlanıwı birınshi jastın' aqırında so'z ha'm ha'reket arasında baylanıstın' minez-qulıq usılı menen ornawına alıp keledi. Bunday baylanıslar balanın' minez-qulqının' sotsiallıq formaların

o’zlestiriwine sebepshi boladı. Ma’selen, ana balag’a «apag’a xosh bol dep ayt» degende bala qolın bılg’aydı, «raxmet ayt» degende ol basın iyedi.

Erte balalıqta ju’riwdi u’yreniw balanın’ qorshag’an du’nya menen o’z-ara qarım-qatnasıqlar shen’berın a’dewir ken’eyttiredi. Bala minez qulqının’ formaları quramalasadı ha’m bala o’zlestire alatug’ın predmetler shen’beri ken’eyedi. Ol ko’birek u’lkenler menen birge is-ha’reketke qosıladı, sonın’ ishinde turmısta bolatug’ınlarına. Sol waqıttın’ o’zinde o’zbetinsheliktin’ ju’zege keliwi sferası ken’eyedi. Bala o’mirındegi bolıp o’tken o’zgerisler ja’ne de kuramalıraq a’dep-ikramlılıq qag’ıydaların kirgiziwdi talap etedi. Ma’selen, eger de ta’rbiyashı basqa bala menen ba’nt bolsa, ku’tip turıwdı, oyınshıqlardı ko’z-qarashıg’ınday saqlaw kerekligin, olarda o’z ornına jıynap qoyıwdı, oyınshıqlardı sorap qalıw ha’m basqa balalar menen bo’lisiwdi, jasıl o’simliklerdi baspawdı, musordı tek g’ana arnawlı orınlarg’a taslawdı ha’m t.b.

Erte balalıqta a’dep-ikramlılıq a’detlerının’ qa’liplesiwi turmıstag’ı ha’m predmetli is-ha’reketlerde ju’zege keledi, yag’nıy u’lkenler birgeliktiegi is-ha’reketlerde o’zin qalay tutıwdı ko’rsetip berip ha’m onı orınlawdı talap etkende, al son’ınan o’zbetinshe islegen waqıtta.

Balanın’ u’lkenler menen birge o’mirde ha’m is-ha’rekette bolıwg’a umtılıwı, onın’ uqsag’ısı keliwi ha’m a’dep-ikramlılıqtı rawajlandırıwda u’lkenlerdin’ u’lgi bolıwın ju’da’ a’hmiyetli qıladı. Bala ta’rbiyashıdan ha’m ata-analardan minez-qulıq stilin, maneralardı, a’detlerdi, a’dettegi adamlarg’a mu’na’siybetti, predmetlerge ha’m haywanlarg’a mu’na’siybetti qabıllaydı. Ma’selen, «jaqsı» ha’m «jaman» degen so’zler a’weli u’lkenler ta’riypleydi, al bala tek g’ana onı usıg’an uqsasa awhallarda esleydi ha’m qaytaradı.

Unamlı qılıqlardı islep, u’sh jasqa shekem jastag’ı bala onın’ ma’nisine tu’sinbeydi. Qılıqlardı u’lkenler jaqsı ekenligin ko’rsetip bahalaydı. Onın’ kontrolsız bala situativ ha’m impulsiv ha’reket isleydi, sonlıqtan jiyi-jiyi qadag’alawlardı buzadı. Usınday qadag’alawlardı buzıw mu’mkinshiliklerın bodırmaw ushın is-ha’rekette bolıw qadag’an etilgen predmetlerdi basqa jerge alıp qoyıw; olardı bala tawıp ala almaytug’ın jerge qoyıw, unamla aktivlilik

ha’m o’zbetinshelikti ju’zege shıg’aratug’ın sharayatlar (ma’selen, ha’reketlerde oyınlarda balag’a o’zinin’ jasına ha’m qızıg’ıwına ılayıq jeterli mug’darda oyınshıqlar beriw) jaratıw. Bunnan tısqarı, balag’a hesh qashan keyinirek qadag’an etiwi mu’mkin bolg’ıan na’rselerdi islewine ruxsat bermew kerek.

Balanın’ minezinin’ a’dep-ikramlılıg’ı ha’m onın’ imnez-qulqı bag’darlang’an obektke unamlı emotsional mu’na’siybet penen tıg’ız baylanıslı. Bala oyınshıq yaki mazalı na’rseni u’lken da’rtleslik ko’rsetken ten’lesi menen an’sat bo’lisedi. Sonlıqtan jaqsı keypiyat, a’traptag’ılarg’a miyirmanlıq a’dep-ikramlılıqtın’ ju’zege keliwinin’ baslamasın jaratadı.

Mektepke shekemgi jasta balalardın’ a’dep-ikramlılıg’ının’ rawajlanıwı ushın qolaylı sharayatlar jaratladı. Bul da’wirde balanın’ u’lkenler ha’m ten’lesleri menen o’z-ara qarım-qatnasıqları sisteması ken’eyedi ha’m qayta qurıladı, is-ha’reketler quramalasadı, ten’lesleri menen birgeliktegi is-ha’reketler ju’zege keledi. Esletip o’temiz, erte balalıqta bala predmetler ha’reketlerının’ ken’ shen’berın o’zlestirdi, predmetlerdi paydalanıw usılların «ashtı». Bul «ashılıw» onı a’lbette u’lkenlerge, ha’reketlerdi orınlawdın’ ja’miyetlik usılının’ tarqatıwshısına, yag’nıy u’lgige o’zin onın’ menen salıstırıp ko’riw ushın alıp keldi. Bala u’lkenler du’nyasına dıqqat penen na’zer salıp, olardın’ adamlar menen mu’na’siybetlerın ajırata baslaydı. Mektepke shekemgi jastag’ı bala adamlar mu’na’siybeti du’nyasın ashadı., adamlar mu’na’siybetleri qurılatug’ın nızamlılıqlardı ashadı, yag’nıy minez-kulıq normaların ashadı. U’lken bolıwg’a umtılıwı menen, mektepke shekemgi jastag’ı bala o’z is-ha’reketlerın minez-qulıq qag’ıydalarına ha’m ja’miyetlik normalarg’a boysındıradı.

Bala u’lkenlerdin’ mu’na’siybetlerın, ha’reketlerın, minez-qulıq usılların modellestiretug’ın syujetli-rolli oyını jetekshi is-ha’reket tu’rıne aylanadı. Onda bırınshi plang’a adamlar arasındag’ı mu’na’siybetler ha’m olardın’ miynet etiwinin’ ma’nisi shıg’adı. Rollerdi oynap, bala adamzat ja’miyetinde qabıl etilgen a’dep-ikramlılıq nomalarına muwapıq ha’reket islewdi u’yrenedi.

Mektepke shekemgi jastag’ı a’dep-ikramlılıqtın’ rawajlanıwı o’z-ara baylanıslı u’sh sferanı o’z ishine aladı. Morallıq bilimler, ko’z-qaraslar ha’m

tu’sinikler sferasında, yag’nıy kognitiv sferada balalar ja’miyetlik morallıq sana-sezimnin’ tu’rli ta’replerın ba’rınen de burın morallıq talaplardı, morallıq bahalaw kriteriyaların tu’siniw arqalı iyeleydi. Bala o’z erki menen moral normaların saqlawg’a u’yrenedi., ha’tteki onın’ buzılıwı o’z ma’pin go’zlew menen baylanıslı bolsa da ha’m bala o’zinin jazalanbaytug’ınlıg’ına isengeninde de. Solay etip, morallıq minez-qulıqtı iyelep, bala so’zdi emes, al ha’rekette durıs morallıq sheshim qabıllawg’a uqıplı boladı. Balanın’ morallıq qa’driyatlar keshinbeler sferasında, balalarda basqa adamlarg’a morallıq bahalı ha’m morallıq xoshametleytug’ın mu’na’siybetler qa’liplesedi. Ma’selen, balalarda adamgershilik, altruistlik sezimler ha’m mu’na’siybetler qa’liplesedi, mısalı, basqalardın’ mu’ta’jlikleri ha’m qızıg’ıwlarına itibar, olar menen esaplasıw, basqalardın’ baxıtsızlıqlarına ha’m quwanıshlarına da’rtles bolıw, sonday-aq, normalardı buzg’anda o’zin ayıplı seziw.

Mektepke shekemgi u’lken jastag’ı balalarda morallıq bahalaw balalardın’ qılıqların u’lkenler qanday bahalawı menen baylanıslı. Ma’selen, u’lkenler ko’birek ayırıp ha’m bahalaytug’ın sıpatlar an’sat tu’siniledi ha’m bahalanadı. Mektepke shekemgi u’lken jastag’ı bala «jaqsı degen ne, jaman degen ne» dep atawg’a bolatug’ın temada ata-analar ha’m ta’rbiyashılar menen gu’rrın’lesiwde initsiatorg’a aylanadı.

Balalarda a’dep-ikramlılıq ko’z-qaraslardı ha’m bahalawlardı qa’liplestiriwde ko’rkem-a’debiyat a’hmiyetli rol oynaydı. 3-4 jaslı balalar o’zlerının’ qaharmanlarg’a mu’na’siybetinin’ ma’nisin tu’sinbeydi, al olardı tek jaqsı yaki jaman dep bahalaydı.

3-4 jasta bala, awhalda pikirlemesten, al qaharmannın’ anıq qılıqlarına o’zinin’ unamlı yaki unamsız mu’na’siybeti arqalı durıs morallıq bahalay aladı. Qaharmang’a mu’na’siybet onın’ bala ta’repinen bahalanıwın belgileydi. 4 jaslar a’tirapında balalarda qaharmang’a emotsional ha’m morallıq mu’na’siybetlerdin’ tuwrı kelmewinin’ baqlanıwı itimal. 4-5 jaslarda «jaqsı», «jaman» tu’sinikleri qa’liplesedi. Sol payıtta, qaharmanda onın’ qılıqlarının’ mazmunı tiykarında bahalaw ju’zege keledi. Bala personajlardın’ o’z-ara qarım-

qatnaslarına kirip baradı ha’m ha’reketti kim atqaratug’ınlıg’ın ha’m kimge bag’darlang’anlıg’ın esapqa aladı. 4 jastan son’ qaharmang’a da’rtleslik ha’m ja’rdemge umtıoıw rawajlanıwı menen a’dep-ikramlılık argumentlew payda boladı, endi balalarqılıqlardın’ ja’miyetlik a’hmiyetin ko’rsetip beredi. Solay etip, sa’wlelengen plandag’ı ha’reketler balanın’ minez-qulqının’ sebeplerın pikirlewina ja’rdem beredi, al qaharmang’a emotsional mu’na’siybet onın’ qılıqların morallıq bahalawdan ajırata baslaydı.

U’lken mektepke shekemgi jastag’ı balalar xalıq erteklerınin’ morallıq ta’repin tu’sinedi. Qaharmanlardın’ qılıqlarının’ unamsız morallıq ta’repi keskin qarsılıq ha’m qa’ha’rleniwdi keltirip shıgaradı. Balalar an’lı ra’wishte jaqsılıq ta’repke o’tedi.

3-7 jaslarda balalarda o’mirdegi tu’rli awhallarda unamlı yaki unamsız minez-qulıq haqqında azlı-ko’pli ulıwmalasqan tu’siniklerdi o’z ishine alatugın etikalıq etalon u’lgiler qa’liplesedi. Bala o’z minez-qulqın tek g’ana u’lkenlerdin’ minez-kuqına muwapıqlasıtırıp qoymastan ulıwmalasqan tu’sinikler menen de muwapıqlastıradı. Yag’nıy u’lkenlerdin’ minez-qulqının’ u’lgisinin’ sırtqı ko’rınisi shaxstın’ a’dep-ikramlılıg’ının’ mu’mkinshiliklerın ken’ytiw ishki plang’a o’tedi.

U’lken jastag’ı mektepke shekemgi ballada doslıq, o’z-ara ja’rdem, sadıqlıq, jaqsılıq haqqında ulıwmalasqan tu’sinikler qa’liplesedi.

## II.4 Mektepke shekemgi jastag'ı balanı a'dep-ikramlılıqqa ta'rbiyalawda balalar ja'ma'a'tinin' a'hmiyeti

Ja'ma'a't- bir-birıne ta'sir etetug'ın ha'm o'z-ara sotsiallıq maqsetler, qızıg'ıwshılıqlar, talaplar ha'm minez-qulıq normalarının' ulıwmalıg'ı menen, birge orınlaytug'ın is-ha'reketleri, is-ha'reketler qurallarının' ortaqlıg'ı, Ja'ma'a't basshılıg'ı ta'repinen ta'replengen erktin' birligi menen baylanısqan adamlar gruppası bolıp, usının' na'tiyjesinde a'piwayı gruppag'a salıstırg'anda rawajlanıwdın' joqarılaw da'rejesine erisedi.

Balalar ja'ma'a'ti-bul balalar toparı bolıp, onda joqarı a'dep-ikramlı ha'm estetikalıq ta'rbiyalawshı, onın' ha'r bir ag'zasının' shaxsın qa'liplestirip, olardı jeke rawajlandırıwg'a ja'rdemlesetug'ın ja'miyetlik qatnaslar sisteması jaratıladı.

Ja'ma'a't shaxsqa to'mendegilerdi beredi:

- shaxstın' mu'na'siybette ha'm o'zin ko'rsetiwdegi mu'ta'jliklerın qanaatlandıradı;
- onın' o'miri, jumıs is-ha'reketlerının' bolıp esaplanadı (adam tu'rli o'z-ara is-ha'reket ha'm qarım-qatnasqa kirise otırıp, ba'rhama qanday da bir birlespede boladı);
- bay emotsional ta'jriybeni o'tkeredi;
- adamnın' bunnan bılay o'mirınde sotsiallıq qa'driyatı ju'da a'hmiyetli bolg'an minez-qulıq ta'jriybesin o'tkeredi;
- o'zin biliwge, o'zinin' qa'dirın biliwge ha'm o'z mashqalaların biliwge mu'na'siybetler ha'm o'z-ara qarım-qatanslar arqalı sharayatlar jaratadı;
- o'zinin' individuallıg'ın ju'zege shıg'arıwg'a, o'zin ko'rsetiwge o'z-ku'shi ha'm mu'mkinshiliklerıne ılayıq, o'zin qızıqtıratug'ın na'rseni tan'law araqalı mu'mkinshilik beredi.

Ja'ma'a'tizmdi ta'rbiyalaw mashqalasın izertlew balalardın' tu'rli is-ha'reketlerde ta'rbiyalaw mu'mkinshiliklerın u'yreniwdi ko'zde tutadı: juwapkershilikti, doslıq mu'na'siybetlerdi ha'm t.b.

O’z ten’lesleri menen oynawda bala, qag’ıydalardın’ a’hmiyetinin’ ha’m onı saqlaw kerekligin jaqsıraq tu’sinedi: Ja’ma’a’tlik oyınlarda erk, shıdamlılıq, o’zin-o’zi tutıw tutıw ta’rbiyalanadı; oyınlar o’zin-o’zi basqarıwdı ta’miyinley otırıp Ja’ma’a’t bolıp, birlikte ha’reket etiwge u’yretedi; oyınlar balalarda belgili bir sho’lkemleskenlikti ta’rbiyalaydı.

Ja’ma’a’ttin’ funktsiyaları:

Regulyativ- belgili bir du’nya qaras, a’dep-ikram ha’m sotsiallıq bag’ıttı taratıwshı ha’m propagandalawshı.

Sho’lkemlestiriwshilik balalar turmısın sho’lkemlestiriwdin’ tiykarg’ı forması.

Konsalizatsiyalıq (birlestiriwshi) – birlespe, birigiw forması.

Stimullawshı (xoshametlewshi) – shaxstı a’dep-ikramlılıq qadriyatlı is-ha’reketke shaqırıw ha’m negativ qılıqlar ha’m niyetlerden qaytarıw.

Ta’rbiyalawshı – ja’ma’a’t ag’zaları ha’m ta’rbiyashının’ birlikte ha’reket islewdi qaliplestirietug’ın ha’m ha’r bir shaxsqa maqsetke muwapıq ta’sir etiwshi.

Ta’rbiyalanıwshılarda birliktegi turmıs sharayatlarında Ja’ma’a’tlik, adamgershilik bag’ıt, basqa adamlarg’a hu’rmet, basqalaradın’ mu’ta’jligine aktiv da’rtles bolıw, ja’miyet ma’pleri menen jasaw o’z-ara ja’rdemge tayar bolıw qa’liplesedi. Bul ko’binshe ja’ma’a’ttin’ sotsiallıq psixologiyalıq klimatına baylanıslı.

Ja’ma’a’ttin’ sotsiallıq-psixologiyalıq klimatı–ja’ma’a’tte jartılatug’ın ha’m ondag’ı shaxslar arasındag’ı mu’na’siybetler sisteması sa’wlelendiretug’ın emotsional atmosfera. Ta’rbiyashılar tolıq ma’nide ju’zege kelip atırg’an mu’na’siybetlerdin’ subektleri bolg’anda, ol pedagogikalıq kontroldın’ bar yaki joqlıg’ına qaramastan, ha’r bir ag’zasının’ qa’diriyatlı mu’na’siybetlerının’ turaqlı jan’adan payda bolıwına ja’rdem beredi. Sotsiallıq-psixologiyalıq klimat Ja’ma’a’ttin’ awızbishiligi da’rejesine, adamlardın’ Ja’ma’a’tte bolıwınan ha’m na’tiyjesinen qanaatlanıw da’rejesine baylanıslı.

Balalar ja’ma’a’tinin’ awızbirshiligi – pikirlerdin’, ko’z-qaraslarının’, da’stu’rlerının’ birliginde, shaxslar arasındag’ı mu’na’siybetler ha’m keypiyatlar xarakterilerınde, sonday-aq a’meliyattag’ı is-ha’reketlerınınn’ biriliginde ju’zege keletug’ın ja’ma’a’ttin’ birlesiw da’rejesi.

Kollektin’ rawajlanıw protsessinde shaxstın’ ja’ma’a’t aldındag’ı o’z juwapkershiligi ha’m ja’ma’a’ttin’ ha’r bir ag’zası aldındag’ı juwapkershiligi qa’liplesedi. Balalar ja’ma’a’tinde mu’na’siybetlerdin’ barlıq tu’rlerının’ garmoniyalıq u’ylesiwine erisiw qıyın; Ja’ma’a’t ag’zalarının’ tan’lap mu’na’siybettebolıwlar tu’rli is-ha’reketke onın’ mazmunına, maqsetke erisiw jollarına tan’lap mu’na’siybette bolıw sıyaqlı barlıq waqıtlarda da boladı.

Bala o’z ten’lesleri menen qatnasıqlarda biraz o’z-betinshe ha’m g’a’rezsizirek boladı. bala tek o’zi ten’les sherikleri menen o’z-ara qarım-qatnas protsessinde g’ana o’z-ara isenim, jaqsılıq, birlikte islesiwge tayar bolıw, basqalar menen kelisimli bolıw, o’z huqıqların qorg’aw payda bolg’an ja’njellerdi ratsional sheshiw sıpatların o’zlestiredi. O’z ten’lesleri menen o’z-ara qatnaslardın’ tu’rlishe unamlı ta’jriybelerıne iye bog’an bala o’zin ha’m basqalardı, o’zinin’ ha’m basqalardın’ mu’mkinshiliklerıne anıg’ıraq bahalay baslaydı, na’tiyjede onın’ tvorchestvolıq o’z-betinsheligi, sotsiallıq kompetentsiyası o’sedi.

Mektepke shekemgi jastag’ı balalardı o’z-ara qarım-qatnasıqlarında biraz o’zgerisler ju’z beredi. Mektepke shekemgi kishi jasta ol situativ, yaki u’lkenler ta’sirınde turaqlı emes, qısqa mu’ddetli boladı. U’lkenirek jasta balalar o’z-is-ha’reketlerın o’z intası menen isley baslaydı, olardın’ o’z-ara qarım-qatansıqları is-ha’reketlerde uzaq, turaqlı, tan’lawlı, forması boyınsha tu’rlishe boladı.

Balalardın’ o’z-ara qarım-qatnaslarının’ ha’m mu’na’siybetlerının’ rawajlanıwı oyında ayqınıraq ju’zege shıg’adı – yag’nıy mektepke shekemgi jastag’ı balalardın’ jetekshi is-ha’reketi dawamında boladı. Balalardın’ birge islesiw mu’mkinshiliklerın sonday-aq sabaqlarda da baqlaw mu’mkin, eger de bunın’ ushın za’ru’r sharayatlar jaratılsa, yag’nıy balalarg’a arnawlı tapsırmalar berilse ha’m olar bunı orınlaw paytında birge islesiw, mu’na’siybetlerge kirisse-

ha’reketlerın kelisimli tu’rde ha’m bir-birıne bagınıp islese. Sabaqlrda balalardın’ birge islesiwin sho’lkemlestiriw u’lkenlerge balalardın’ o’sip baratırg’an o’z-betinsheligin u’lkenlerdin’ olardın’ oyındag’ı o’z-ara qarım-qatnasların kontrollaw ha’m tuwrılaw mu’mkinshiliklerın to’menletedi.

Balanın’ o’z-ara qarım-qatnasları ha’m mu’na’siybetleri xarakter, a’lbette shaxstın’ o’zgesheliklerınen g’a’rezli: birewleri gruppanın’ ko’pshilik balaları menen ıqlas penen oynaydı, birewleri tek g’ana bir-eki bala menen g’an oynaydı, birewleri aktiv, agressiv, al birewleri passiv, basqalarg’a bag’ınadı ha’m t.b. Biraq balanın’ shaxs o’zgeshelikleri qanday bolsa da, qarım-qatnasıq ha’m mu’na’siybetlerdin’ rawajlanıw tendentsiyası ha’mmege birdey bolıp qalaberedi.

A’ste-aqırın, ten’lesin bahalap, o’zin onın’ menen salıstırg’an, u’lkenlerdin’ ha’m o’z joldaslarının’ o’zinin’ qılıqların bahalawlarına qulaq salıp, bala real o’z-o’zin bahalawg’a keledi.

U’lken jastag’ı mektepke shekemgi jastag’ı balalarda morallıq qılıq o’z paydası ushın islenetug’ın pragmatik emes minez-qulıq jiyi ushırasadı, al o’z ma’pin go’zlemesten islenetug’ın qılıqlar sırtqı kontroldan g’a’rezsiz ha’m onın’ sebebi o’z-a’dep ikramlılıg’ın bahalay alıwı bolıp tabıladı.

## II.5 Balalar baqshasında a’dep-ikramliliq ta’rbiyasin beriw usılları

O’mirinin’ da’slepki jılllarınan-aq balada u’lkenler menen mu’na’siybetke bolg’an talap, onın’ menen qarım-qatnasqa kirsiiwge talpınıs, onın’ dıqqatın o’zine tartıwg’a degen h’a’reket qa’liplesedi. Ulkenlerdin’ balag’a degen sheksiz su’yispenshiligi h’a’m g’amxorlıg’ına juwap retinde na’restede unamlı sezimler, kewillilik, qızıg’ıwshılıqlar qa’liplese baslaydı. Ko’rsetilgen bul o’zgeshelikler a’dep-ikramlılıq qa’siyetlerinin’ rawajlanıwının’ negizi sıpatında xızmet etedi.

Ju’riwdi men’gere baslag’an balanın’ qorshag’an du’nya menen o’z-ara qatnas sferası a’dewir ken’eydi. Balanın’ minez-qulqı formaları quramalasıp, og’an qolaylı bolg’an na’rseler shen’beri ken’eyedi. Ol u’lkenler menen bolg’an birliktegi h’a’reketlerge barg’an sayın ko’birek qosıladı. Bunı a’sirese, ku’ndelikli turmısta ko’p baqlawg’a boladı.

Sonın’ menen bir waqıtta o’zbetinsheliginin’ payda bolıw sferası da ken’eyedi. Balanın’ turmısında ju’z berip atırg’an o’zgerisler anag’urlım quramalı a’dep-ikramlılıq qa’delerinin’ engiziliw za’ru’rligin keltirip shıg’aradı. Ma’selen, eger ta’rbiyashı basqa bala menen ba’nt bolıp qalg’an jag’dayda, shıdamdı payda etiw, oyınshıqlarg’a abaylı qatnasta bolıw, olarda o’z ornına qoyıw, basqa balalardan oyınshıqlar sorap alıw h’a’m basqalarg’a oynawg’a berip turıw, o’sip turg’an o’simliklerdi basqılamaw, taslandını tek taslandı zatlar ushın ajıratılg’an orıng’a taslaw kerekligin u’yretip baradı.

Balalar baqshasında a’dep-ikramliliq ta’rbiyasin beriw ha’r tu’rli usıllar ja’rdeminde a’melge asırıladı. Da’slep balalardı ha’r tu’rli xızmet tu’rlerındegi u’lkenler miyneti menen tanıstırıw, shınıg’ıwlardı ha’m shınıg’ıwlardan tısqarı waqıtlarda ta’lim-ta’rbiya beriw, ku’n dawamındag’ı xızmet protsesslerınde, kewil ashar oyınlarında sa’wlelenedi.

Ha’r tu’rli bayramlarda, ja’miyetlik turmıs waqıyaları, balalar a’debiyatı, muzıka, qosıq, oyınshıq ha’m oyın materialları, televizor, radio, kino ha’m diafilmler balalardın’ a’dep-ikram ta’rbiyasına u’lken ta’sir ko’rsetedi. Usı

usıllardan ken’ tu’rde, belgili ta’rtipte izbe-izlik penen paydalanılg’anda balalardın’ ta’rbiyasına beligili da’rejede ta’sir etedi. Mısalı, kishi jastag’ı balalarg’a a’dep-ikram ko’nlmkpelerın ha’m bilimlerın tek g’ana oyın shınıg’ıwlarında jaqsı o’zlestirip baradı. Balalar ta’repinen o’zlestirip alıng’an a’dep-ikram ko’nlikpeleri ha’m tu’siniklerın olar sanalı tu’rde tu’sinip alıwları da’slep shınıg’ıwlarda, keyinsheli oyınlarda, miynet, jaqsı jolg’a qoyılg’an ku’n ta’rtibindegi ayırım da’stu’rlerde, seyil ha’m ekskurtsiyalarda, sonday-aq balalardın’ g’a’rezsiz ha’reketlerınde a’melge asırıladı.

## A’dep-ikram ta’rbiya metodları

Mektepke shekemgi jastag’ı balalarg’a a’dep-ikram ta’rbiya beriwde ha’r tu’rli metod ha’m usıllardı qollaw u’lken a’hmiyetke iye.

A’dep-ikram ta’rbiya metodları – balalardın’ a’dep-ikram ko’nlikpelerın ha’m bilimlerın iyelep alıwg’a, olarda ma’deniy unamlı qatansıqlardı, shaxstın’ a’dep-ikram sezimlerın ha’m sıpatların ta’rbiyalawg’a qaratılg’an xızmet usılı bolıp tabıladı.

A’dep-ikram ta’rbiyası metodları to’mendegi toralarg’a bo’linedi:

I topar - a’dep-ikram sanasın, yag’nıy a’dep-ikram tu’sinigi ha’m bilimlerın, olardı orınlaw tilegin qa’liplestiriwge qaratılg’an metodlar.

II topar - ma’deniy minez-qulıq ha’m unamlı qarım-qatnasıqların qa’liplestiriwge qaratılg’an metodlar.

III topar – a’dep-ikram ko’nlikpelerın ha’m qarım-qatnasın xoshametlewge qaratılg’an ja’rdemshi metodlar.

Ha’mme topar metodları a’dep-ikram ko’nlikpeleri ha’m shaxsiy sıpatların ta’rbiyalawdı ta’miyinleydi. Ko’rgizbeli, awızeki metodlar` tu’sindiriw islerın ko’rsetiw menen birge alıp barıw, ta’rbiyashının’ gu’rrın’i, oqıp beriw, a’dep-ikram haqqındag’ı temalarda sa’wbetlesiwler o’tkeriw (su’wretke qarap, ta’jriybege tiykarlanıp), baqlaw, su’wretlerdi ko’rsetiw, balalar a’debiyatı ha’m turmıstag’ı unamlı mısallardan paydalanıw tiykarında alıp barıladı.

Joqarıda keltirilgen ha’mme metodlar arqalı balalarg’a a’dep-ikram noramaları ha’m qag’ıydaları, ja’miyetlik turmıs waqıyaları u’yretiledi, olarda a’dep-ikram tu’sinikleгın qa’liplestiredi.

Bul topar metodlarına qoyılatug’ın tiykarg’ı talaplar: balalardın’ jaqsılıq ha’m jamanlıq haqqındag’ı tu’sininlerın itibarg’a alıp, minez-qulıq normaların analizlew ushın arnawlı jaratılg’an situatsiyalarda balalardın’ o’zlerın qatnastırıw;

ha’r bir balanın’ kewil sezimlerıne itibarlıq penen qarım-qatnas jasaw maqsetke muwapıq boladı.

Balanı nadurıs jazalaw, onın’ u’stinen ku’liw, og’an itibarsızlıq qılıw bala ta’rbiyasında keri tu’siniklerdin’ qa’liplesiwine alıp keledi.

Ha’r bir metod o’zine ta’n o’zgesheliklerge iye bolıp, belgili bir wazıypanı atqaradı.

Tu’sindiriw bul ko’binese balalarg’a jan’a a’dep-ikramlıq norma, qag’ıydalardı tu’sindiriw barısında qollanıladı. Tu’sindiriw u’lkenlerdin’ so’zlerıne ha’m u’lgisine tiykarlanadı. Mısalı, aldında kiyatırg’an tanıs adamg’a qarap biraz toqtap, a’lpayımlılıq penen «Assalawma a’leykum» dep, keyin jolın dawam ettiriwi kerek. Tu’sindiriw menen birge ko’rsetiw protsesi birgelikte alıp barılsa, kishi jastag’ı balalardın’ miyinda jaqsı sa’wlelengen bolar edi. Bunnan basqada a’dep-ikram temalarındag’ı gu’rrın’ler, erteklerdin’ waqıyaları balalardın’ seziw ha’m qabıl etiw qa’bilietlerıne jaqsı ta’sir etiw da’rejesinde jetkerip beriwimiz kerek.

Bul metodtın’ tiykarg’ı wazıypasına to’mendegiler kiredi :

- balalarda unamlı a’dep-ikram sezimlerın qozg’ata alıw, gu’rrın’ yamasa ertek qahramanlarının’ erisken jen’isine quwanıp, qıynalg’anında qayg’ırıp, yag’nıy do’gerek ortalıqqa olardın’ aktiv qarım qatnasın rawajlandırıw,balalarg’a tu’siniksiz ayırım a’dep-ikram qag’ıydalarının’ mazmunın ashıp beriw;

- a’dep-ikram temasındag’ı gu’rrın’lerden shınıg’ıwlarda, seyillerde, balalardın’ o’z o’miri menen baylanıslı bolg’an waqıtlarda paydalanıw u’lken a’hmiyetke iye.

A’dep-ikram temasındag’ı gu’rrın’ler arqalı balalar a’dep-ikram normaları, unamlı minez qulıqlardı iyelep g’ana qoymay, sol menen bir qatarda olarda a’dep-ikram qag’ıydaları ha’m normalarına degen talap ju’zege keledi.

Balalardın’ a’dep-ikram ta’jriybelerın ken’eytirip barıw ushın gu’rrın’lesiw barısında balalardın’ o’zlerının’ pikirlerın bildiriwge imkan berip, olardı oylandırıp turg’an sorawg’a tolıq juwap alıwına jag’day jaratıp beriliwi kerek.

II topar metodlarına ameliy ha’m oyın metodları kiredi: bular oyın shınıg’ıwları, shınıg’ıwlar, mashqalalı situatsiyalar, izleniwshen’lik xızmeti, pedagogikalıq ma’selelerdi sheshiw, didaktikalıq ha’m ha’reketli, saxnalastırılg’an oyınlar ha’m.t.b. balalardın’ ha’mme xızmet tu’rıne basshılıq etiwdi usı metod tu’rlerıne kirgiziwimiz mu’mkin.

Bul metodlardın’ ha’mmesi a’dep-ikram tu’siniklerının’ bekkemleniwine, balalardın’ a’dep-ikramlılıq ta’jriybelerının’ artıwında, a’dep-ikram normaların ha’m qag’ıydaların sanalı tu’rde qollanıwına ken’ jol ashıp beredi.

# Juwmaqlaw

Prezidentimiz İ.A.Karimov O’zbekistannın’ o’z milliy g’a’rezsizligin alıwdan-aq balalar ta’rbiyasına og’ada ku’shli kewil bo’le basladı.

Mektepke shekemgi jastag’ı balalar ta’rbiyasın jetilistiriwdi zaman talabına aylandırıp, o’z miynetlerınde anıq ko’rsetip berdi. Na’tiyjede mektepke shekemgi ta’rbiya mekemelerındegi ta’rbiyalıq jumıslardı durıs ha’m mazmunlı alıp barıw isleri jedel tu’rde a’melge asırılıp kelmekte.

Mektepke shekemgi jastag’ı balalarg’a a’dep-ikramlılıq ta’rbiyasın beriwde shan’araq ha’m balalar baqshasının’ birge islesiwi ha’zirgi ku’nnin’ da’wir talabına aylang’an. Haqıyqatında da a’dep-ikramlılıqtı balalarg’a baqsha yamasa shan’araqta bolsın tolıq ha’m mazmunlı beriw yaki ja’ma’a’t, shan’araq ha’m baqsha ortasındag’ı baylanıs bolmasa a’melge asırıw og’ada mashaqatlı is.

Demek, ha’r bir ata-ana ha’m ta’rbiyashı keleshek a’wla’d bolg’an balalardı a’dep-ikramlı, ta’rbiyalı insanlar etip qa’liplestiriwimiz ushın ha’r dayım birgelikte is alıp barıwımız maqsetke muwapıq boladı.

A’dep-ikramlılı ta’rbiyalı shaxs barlıq ta’rbiya islerınde oraylıq orındag’ı xızmetlerdin’ birın atqaradı. Solay etip, jas o’spirimdi shaxs sıpatında qa’liplestiriw islerın a’dep-ikram ta’rbiyasısız a’melge asırıw mu’mkin emes.

Ullı oyshıl A.Nawayı bildirgenindey: «A’deplilik ha’r bir insan ushın hawa ha’m suwday za’ru’r». Demek, biz bala ta’rbiyasında a’dep- ikramlılıqtı oraylıq orınlarg’a qoyıp ta’rbiya islerın ata-analar menen birge alıp barıwg’anımızda, ta’rbiya mashqlalaların sheshiwge jaqınnan ja’rdem beretug’ınlıg’ın ko’remiz.

A’dep-ikramlılıq ta’rbiyası na’tiyjesinde baladag’ı bir neshe unamlı pazıyletlerdi rawajlandırıw a’melgshe asırıladı:

a) balada g’amxorlıq, minez-qulıqtın’ unamlı a’detleri,

b) sıylasıq, hu’rmet, durıs so’zlik,

v) adalatlıq, haqıyqatgo’ylik, haqkewillik,

g) ar namıs, uyat, hu’jdan, insan ma’deniyatı,

d) Watandı su’yiwshilik, miynet su’yiwshilik h.t.b.

Baladag'ı bunday unamlı a'dep ikramlılıq pazıyletlerın payda etip, bekkemlew ushın balalar baqshası ha'm shan'araqlar ortasında ornatılg'an ta'rbiya isleri o'z waqtında tolıq alıp barılıwı kerek.

Bul kurs jumısının' tiykarg'ı maqseti ha'm wazıypası ta'rbiyashılarg'a ata-analar menen balag'a a'dep-ikramlılıq ta'rbiyasın beriwde birge islesiw haqqında usınıslardı, ma'sla'ha'tlerdi, usıllardı u'yreniwden ibarat. Balalar baqshasının' shan'araq penen birge islesiwi balanı ta'rbiyalawdı na'tiyjeli etiwdi a'melge asıradı.

Pedagoglar ata-analar menen tıg'ız baylanısta bolıp, olarg'a ta'rbiyalıq islerde ja'rdemler berip barıwı sha'rt. Sebebi, ja'miyetimizdegi ha'r bir shan'araqta ata-analarg'a pedagogikalıq bilimler beriw menen birge bala ta'rbiyasına durıs qatnas jasawdı ta'rbiyashı ta'repinen u'yretiliwi ha'zirgi ku'nnin' mashqalalı wazıypalarının' biri.

Pedagog ta'rbiyashı ata-analardı ta'rbiya maqseti ha'm wazıypaları menen tanıstırıp barıwı, olarg'a mektepke shekemgi jastag'ı bala da'wirının' a'hmiyetin tu'sindiriwi ju'da' a'hmiyetli.

Sol sebepli mektepke shekemgi ta'rbiya mekemeleri menen shan'araqlar ortasındag'ı baylanıstı a'melge asırıp qoymastan, pedagogtın' keyingi xızmetlerınde kerekli ekenligin ma'sla'ha't etemiz.

Joqarıda aytılg'anlardı juwmaqlastıra otırıp, biz keleshek a'wlad haqqında qayg'ırıw, ha'r ta'repleme salamat, jetilisken insandı ta'rbiyalap kamalg'a keltiriwge umtılıw – bul xalqımızdın' milliyliginin' tiykarı ekenligin aytıp o'temiz. Erten'gi o'mirimizdin' dawamshıları bolg'an bu'gingi jas o'spirimlerdi saw-salamat, a'depli, adamgershilikli, sawatlı etip ta'rbiyalaw bu'gingi ku'nde mekteplerde, balalar baqshalarında, litsey, kolledjlerdin' oqıtıwshılarının' tiykarg'ı wazıypası.

**Paydalanılg’an a’debiyatlar:**

1.Karimov.İ.A. Bizning bosh maqsadimiz jamiyatni demokratiyalashtirish va yangilash mamlakatni modernizatsiya va islox etishdir. T. 2005y.

2. Karimov.İ.A. Yangilanish va uzgarishlar jaraeni ortga qaytmaydi. Xalq so’zi. 2002y. 5-aprel.

3. Karimov.İ.A. Barkamol avlod orzusi. T-1997y.

4. Yusupova.P. Maktabgacha tarbiya pedagogikasi. T.1993y.

5. Balajan. Tayanish da’stu’ri T.2010 y.

6. U’zliksiz bilimlendiriw barısında ruwxıylıq ha’m ag’artıwshılıq ma’seleleri. İlimiy konferentsiya materialları. No’kis. 2000j.

7. Bolalarni rivojlantirish va maktabga taerlash tayanch dasturi. T.1999y.

8. Maktabgacha eshidagi bolalar gigienasi. Prof. M.N.İsmailov taxriri ostida.T.1994y.

9. Bola tarbiyasida bog’cha va oila xomkorligi. T. 1994y.

10. R.Mavlonova va boshq. Pedagogika. T-2000.

11. Ziyamuxamedova va boshq. Pedagogika. T-2001.

12. S.A.Kozlova. T.A.Kulikova. Doshkolnaya pedagogika.

13. A.Atoev. Farzandingiz barkomol bo’lsin.T-2000y.

14. K.Abdullaeva. Savod urgatish. T.O’qituvchi,2000y.

15. X.Axmedov. Bog’cha bolalarıni savodga urgatish.

16. X.Axmedov.Bog’chalarning tayerlov guruxlarida savod urgatish tablitsalari.